

JUKNIS LOMBA LEKTOR DALAM RANGKA BKS N TAHUN 2025

- 1) Kegiatan lomba lektor secara offline berbahasa Jawa
- 2) Peserta adalah umat Paroki Nanggulan (Termasuk Lektor Paroki)
- 3) Lomba dilaksanakan pada hari Minggu, 21 September 2025 bertempat di Gereja SPM tak Bercela Nanggulan
- 4) Kontribusi masing-masing peserta Rp 10.000,00 (sebagai pengganti konsumsi) dibayarkan hari H saat registrasi
- 5) Registrasi sekaligus pengambilan nomor undian dilaksanakan Hari H pukul 08.30 WIB
- 6) Peserta lomba adalah umat paroki nanggulan dengan 3 kategori
 - a. **Anak (6-12 tahun)**
 - b. **Remaja (13-17 tahun)**
 - c. **Dewasa (18-50 tahun)**
- 7) Lektor memilih 1 bacaan dari pilihan bacaan yang disediakan panitia
- 8) Memakai busana/ pakaian yang rapi dan sopan serta mengenakan Samir yang disediakan panitia
- 9) **Materi lomba (terlampir)**
- 10) **Teknis Lomba**
 - a. Peserta menggunakan materi bacaan yang disediakan panitia dalam lampiran
 - b. Panitia menyediakan buku bacaan/ buku misa
 - c. Peserta membacakan sabda Tuhan di mimbar
 - d. Peserta bersiap diri disisi selatan (depan ruang pengakuan)
 - e. Setelah dipanggil MC, peserta maju ke depan altar, dan menuju mimbar
 - f. Peserta membaca bacaan dari awal sampai akhir (mekaten Sabda Dalem Gusti)
 - g. Setelah selesai membaca, peserta turun mimbar, dan keluar melalui sisi utara (ikuti petunjuk yang ada)
- 11) **Kriteria Penilaian**
 - a. Wicara
 - b. Wiraga
 - c. Wirasa
 - d. Wirama
- 12) **Pengumuman Kejuaraan**

Pengumuman pemenang akan dilaksanakan hari itu juga Minggu, 21 September 2025 setelah semua cabang lomba selesai. Pengumuman akan dilaksanakan di Gedung Pelayanan Pastoral. Diambil juara 1-3 untuk masing-masing kategori.

JUKNIS LOMBA MAZMUR DALAM RANGKA BKS N TAHUN 2025

- 1) Kegiatan lomba mazmur secara offline berbahasa Jawa
- 2) Peserta adalah umat Paroki Nanggulan (Termasuk Mazmur Paroki)
- 3) Lomba dilaksanakan pada hari Minggu, 21 September 2025 bertempat di Gedung Pelayanan Pastoral Lt. 2
- 4) Kontribusi masing-masing peserta Rp 10.000,00 (sebagai pengganti konsumsi) dibayarkan hari H saat registrasi
- 5) Registrasi sekaligus pengambilan nomor undian dilaksanakan Hari H pukul 08.30 WIB
- 6) Peserta lomba adalah umat paroki nanggulan dengan 3 kategori
 - a. **Anak (6-12 tahun)**
 - b. **Remaja (13-17 tahun)**
 - c. **Dewasa (18-50 tahun)**
- 7) Pemazmur memilih 1 mazmur tanggapan dari mazmur tanggapan yang disediakan panitia
- 8) Memakai busana/ pakaian yang rapi dan sopan serta mengenakan Samir yang disediakan panitia
- 9) **Materi lomba adalah menggunakan Buku Mazmur Bahasa Jawa (terlampir)**
- 10) **Teknis Lomba**
 - a. Buku Mazmur Bahasa Jawa disediakan panitia/ punya sendiri
 - b. Peserta menyanyikan mazmur tanggapan di mimbar
 - c. Peserta bersiap di ruang aula, setelah dipanggil MC, peserta maju ke depan, dan menuju mimbar
 - d. Peserta menyanyikan mazmur 3 ayat, dengan urutan:
Reff: >> Ayat 1 >> Reff>> Ayat 2 >>Reff>>Ayat 3>> Reff
 - e. Pada saat menyanyikan mazmur boleh diiringi ataupun acapela (tanpa iringan)
 - f. Pengiring bisa menyediakan sendiri/ menggunakan pengiring dari panitia.
 - g. Setelah selesai menyanyikan mazmur, peserta kembali ke tempat duduk (mengikuti petunjuk)
- 11) **Kriteria Penilaian**
 - a. Intonasi
 - b. Kualitas Suara
 - c. Ketaatan pada partiture
 - d. Artistic Keseluruhan

12) Pengumuman Kejuaraan

Pengumuman pemenang akan dilaksanakan hari itu juga Minggu, 21 September 2025 setelah semua cabang lomba selesai. Pengumuman akan dilangsungkan di Gedung Pelayanan Pastoral. Diambil juara 1-3 untuk masing-masing kategori.

TEKNIKAL METTING KHUSUS UNTUK LOMBA MAZMUR SEMUA KATEGORI

Dilaksanakan Kamis, 18 September 2025 pukul 18.00 WIB di gereja

(Menyetorkan nada dasar kepada panitia dan sekaligus cek nada dengan pengiring)

MINGGU LUMRAH VII

MAZMUR TANGGAPAN

Mazmur 103:1-2.3-4.8.10.12-13; R: 8a

1= c, 2/4

Refren 545

3 4 5 6 | 5 . 5 | 6 7 1 2 | 1 1 1 | 2 7 | 1 . ||
Pangeran i- ku ma- ha- we- las lan ma- ha- a- sih.

- 3 3 6 5 6 7 1 . '

1. Sukma-ku, memuji-a Pa-nge-ran!

7 6 5 4 6 5 . |

A- ti-ku, memujia Asma Dalem kang su-ci.

3 4 5 6 7 1 . '

Suk-ma-ku, memujia Pa-nge-ran!

1 7 6 54 | 5 . ||

A-ja lali marang kabeh kasaenan Da- lem.
- 3 3 6 5 6 7 1 . '

2. Pange-ran kang ngapura kabeh ka-lu-put-an-mu,

7 6 5 4 6 5 . |

kang ma-rasake kabeh le-la- ra- mu.

3 4 5 6 7 1 . '

Pa-nge-ran kang ngluwari kowe saka ku-bur-an,

1 7 6 54 | 5 . ||

lan ma-kuthani kowe mawa sih ka-tres- nan.
- 3 3 6 5 6 7 1 . '

3. Pange-ran iku mahawelas lan ma-ha- a-sih,

7 6 5 4 6 5 . |

lan-dhung kasabarane, agung pali-mir-ma-ne.

3 4 5 6 7 1 . '

Pa-nge-ran ora ngukum kita saukur lu-put ki- ta,

1 7 6 54 | 5 . ||

o-ra males kita salaras dosa ki- ta.

MINGGU PASKAH II (pilihan 1)

PILIHAN 2 TAUN C

MAZMUR TANGGAPAN

Mazmur 118:2-4.22-24.25-27a; R: 1

1 = f; 2/4

Refren 530 A

1 1 1 2 | 3 3 | 4 2 | 3 . | 5 5 5 4 | 3 1 1 | 4 4 3 | 2 . |
Padha memu- ji- a Pange- ran, a-wit Pange- ran i- ku ma-ha-sa- e,
1 2 | 3 3 1 1 | 4 3 2 | 1 . ||
lan lang- geng sih pa- li- mir- ma Da- lem.

3 4 5 5 6 5 . ' 5 6 5 3 4 5 . |
1. Trah Israel padha ngu- cap- a, "Lang-geng sih palimirma Da- lem!"
3 4 5 5 6 5 . ' 5 6 5 4 3 2 . |
Trah Harun padha ngu- cap- a, "Lang-geng sih palimirma Da- lem!"
3 4 5 5 6 5 . '
Pa-ra wedi asih ing Pangeran padha ngu- cap- a,
5 6 5 2 3 | 1 . ||
"Lang-geng sih palimirma Da- lem!"

3 4 5 5 6 5 . '
2. Wa- tu kang dibuwang para tu- kang
5 5 6 5 3 4 5 . |
da-di wa-tu te tin- dhih.
3 4 5 5 6 5 . '
I- ki Pangeran kang a-kar- ya,
5 6 5 5 4 3 2 . |
pa-kar-yan kang ngeramake tu-mrap ki- ta.
3 4 5 5 6 5 . '
I- ki dina kang kinarya agung dening Al- lah.
5 5 6 5 2 3 | 1 . ||
A-yo pa-dha suka-suka lan bungah-bu- ngah.

3 4 5 5 6 5 . '
3. Gus-ti, kawula nyuwun wi-lu-jeng.
5 6 5 3 4 5 . |
Gus-ti, kawula nyuwun gangsaring lam-pah.
3 4 5 6 5 . '
Pi-nu- jia ingkang rawuh atas Asmaning Pa-nge-ran!
5 6 5 4 3 2 . |
Pi-nu- ji-a saking padalemaning Pa-nge-ran.
3 4 5 6 5 . '
Pa-nge-ran iku Al-lah,
5 6 5 2 3 | 1 . ||
Pan-je-nengane kang paring padhang marang ti- tah.

MINGGU PASKAH VI

MAZMUR TANGGAPAN

Mazmur 67: 2-3.5.6.8; R: 4

1 = es, 4/4

Refren 558

5̣ | 3̣ . 2̣ 3̣ 4̣ | 5̣ . 5̣ 5̣ | 6̣ 6̣ 5̣ 4̣ | 3̣ . .
Mu- gi para bangsa sami ngluhurna Gus- ti.

3̣ | 3̣ 3̣ 5̣ 4̣ 3̣ | 2̣ . 1̣ 1̣ | 4̣ 4̣ 2̣ 2̣ | 3̣ . . ||
Mu- gi sadaya bangsa sami mulyakna Gus- ti.

- 5̣ 1̣ 2̣ 3̣ 43̣ 2̣ . ' 1. Mu-gi Gus-ti paringa kawelasan tuwin ber-kah,
5̣ 2̣ 12̣ 3̣ . |
mu-gi mriksanana kawula kanthi pasuryan su-mri- ngah,
1̣ 4̣ 65̣ 5̣ . ' a-mrih wonten ing bumi margi Dalem dipun mangertos-a- na,
2̣ 3̣ 42̣ | 1̣ . . ||
lan karahayon Dalem dipun a-ken-a- na.

- 5̣ 1̣ 2̣ 3̣ 43̣ 2̣ . ' 2. Mu-gi pa-ra suku bangsa sami suraka suka gam-bi- ra,
5̣ 2̣ 12̣ 3̣ . |
jer Gusti sampun mangreh kanthi wicak-sa- na,
1̣ 4̣ 6̣ 6̣ 5̣ 5̣ . 2̣ 2̣ 3̣ 42̣ | 1̣ . . ||
lan pa-ring tun-tun-an won-ten ing do- nya.

- 5̣ 1̣ 2̣ 3̣ 43̣ 2̣ . ' 3. Mu-gi pa-ra bangsa sami ngaturna sembah pa-nu-wun
5̣ 2̣ 12̣ 3̣ . |
ing-arsa Dalem Gus-ti.
1̣ 4̣ 6̣ 6̣ 5̣ 5̣ . ' Mu-gi sadaya bangsa sami munjuka sem-bah nu- wun
2̣ 3̣ 42̣ | 1̣ . . ||
ingarsa Da-lem Gus- ti.

MINGGU LUMRAH XXIII

MAZMUR TANGGAPAN

Mazmur 146:7.8-9a.9bc-10; R: 1b

1 = es, 4/4

Refren 612

5 5 3 | 6 . . 4 2 4 | 5 . 4 3 2 | 3 1 2 . | 1 . ||
Sukma- ku memu-ji- a Al- lah Pa- nge- ran.

1. Pa-nge-ran paring a-dil marang wong dia-ni- a- ya,
5 3 2 3 4 3 1 2 . '
pa-ring pangan ma-rang wong ka-lu-wen,
2 3 4 5 6 4 2 | 5 . ||
pa-ring luwar ma-rang para ta- han- an.

2. Pa-nge-ran mbu-ka mripate wong wu- ta,
5 3 2 3 4 3 1 2 . '
lan nje-jegake a-dege wong wung-kuk,
2 3 4 5 6 . ' 6 4 2 | 5 . ||
nres-na- ni wong ju-jur, ngreksa wong ne- ne- ka.

3. Pa-nge-ran nulung bocah lola lan warandha,
3 5 6 5 4 3 . '
nanging na-sarake lakune wong du-ra-ka.
5 3 2 3 3 4 3 1 2 . '
Pa-nge-ran ju-me-neng Nata sa-la-was-e.
2 3 4 5 6 '
Al-lah pepundhenmu, Sion, turun-tu-mu-run,
6 4 2 | 5 . ||
ora owah gingsir ing sa-lang-geng- e.

RIAYA SALIRA LAN RAH DALEM

MAZMUR TANGGAPAN

Mazmur 116:12-13.15.16bc.17-18; R: 13

1 = c, 2/2

Refren 597

3 | 3 2 3 4 | 5 . $\dot{1}$ $\dot{1}$ | 7 $\dot{1}$ $\dot{2}$ 7 | $\dot{1}$. .
A- ku a- rep ngangkat tu-wung- ing ka-ra- ha- yon,
 $\dot{1}$ | 7 . 6 . | 5 . 3 3 | 4 3 2 . | 1 . . ||
sar- ta nye- but Asma Da-lem Gus- ti.

- 3 4 5 6 . '
1. Pi-wa-les apa kang arep dakunjukake ingarsa Da-lem,

$\underline{6\ 7}$ $\dot{1}$ 7 6 . 5 . |
kra- na kabeh kasaenan Dalem kang dak-tam-pa,

5 6 7 . '
A- ku arep ngangkat tuwunging karaha-yon,

$\dot{1}$ $\dot{2}$ $\dot{1}$ 7 $\underline{6\ 7}$ | $\dot{1}$. | 0 ||
sar-ta nyebut Asma Da-lem Gus- ti.

- 3 4 5 6 . '
2. Pa-ti-ne wong utama aji ba-nget,

6 7 $\dot{1}$ 7 6 . 5 . |
ing-ar-sa Dalem Pa-nge- ran.

5 6 7 . '
Ka-wula punika abdi Dalem, anakipun kawula Da-lem,

$\dot{1}$ $\dot{2}$ $\dot{1}$ 7 $\underline{6\ 7}$ | $\dot{1}$. | 0 ||
Gus-ti ingkang sampun natas beban-dan ka- wu- la.

- 3 4 5 6 . '
3. Ka-wu-la badhe ngaturaken kurban atur panuwun ingarsa Dalem Gus-ti,

6 7 $\dot{1}$ 7 6 . 5 . |
sar-ta badhe nyebut Asma Da-lem Gus-ti.

5 6 7 . '
Pu-nagiku marang Pangeran arep dakluwar- i,

$\dot{1}$ $\dot{2}$ $\dot{1}$ 7 $\underline{6\ 7}$ $\dot{1}$. ||
a- na ingarepe kabeh u-mat Da- lem.

MINGGU LUMRAH XVII

Refren 608

5 | 5 . 4 3 2 3 2 | 1 6̣ 1 2 3 2 6̣ | 1 1 . ||
Gus- ti ngegaraken as- ta lan karya tuwuk ka- wu- la.

- 3 3 . ' 3 2 1 3 5 5 '

1. Gus-ti, sa-da-ya ti-tah munjuk sembah nuwun,

5 6 5 . |

lan para umat sami memuji Gus-ti;

5 6 5 3 5 . '

sa-mi ngidungaken kamulyaning kra-ton Da-lem;

3 2 3 2 6̣ 1 | 1 . . ||

sami mar-tos-aken kuwasaning pakar-yan Da-lem.
- 3 2 1 3 5 6 5 . '

2. Sadaya mri-pat ne-nga ngantu-antu dhateng Gus-ti,

5 6 5 3 5 . |

lan Gusti maringi tedha ing wan-ci-ni-pun.

3 2 3 2 2 . ' 2 2

Gusti nge-gar-aken asta, lan kanthi rena

2 6̣ 1 | 1 . . ||

akarya tuwuk sakathahing ti-tah ge- sang.
- 3 2 1 3 5 6 5 . '

3. Mula Pa-nge-ran ju-jur ing sakehing tindak Da-lem,

5 6 5 3 5 . |

lan suci ana ing sakehing pakar-yan Da-lem.

3 2 3 2 2 '

Pange-ran ce-lak karo kang padha nyenyuwun,

2 6̣ 1 | 1 . . ||

celak karo sing nyenyuwun kanthi pi-ta- ya.

PILIHAN 1

Waosan 1 Yoh 4:11-16

Sing urip ing katresnan iku urip ing Allah, lan Allah sugeng ing wong iku.

L. Waosan saking Seratipun Kapisan Rasul Yohanes.

Para kadang kinasih, yèn Allah samono tresnané marang aku kabèh, aku ya kudu padha tresna-tinresnan. Ora ana wong sing wis tau weruh Gusti Allah. Nanging yèn aku padha tresna-tinresnan, Allah manunggal ing aku, lan katresnan Dalem ing aku dadi sampurna. Aku bisa mangerti, yèn aku urip ing Allah lan Allah sugeng ing aku, awit aku diparengaké ndhèrèk ing Roh Dalem. Lan aku wis padha nyipati lan neksèni, manawa Hyang Rama wus ngutus Putra Dalem jumeneng Pamartaning donya. Sing sapa ngakoni, yèn Gusti Yésus iku Putraning Allah, Allah sugeng ing wong iku lan wong iku urip ing Allah. Lan aku wis padha mangerti lan pracaya marang katresnaning Allah ing aku kabèh. Gusti Allah iku katresnan lan sing urip ing katresnan, iku urip ing Allah lan Allah sugeng ing wong iku.

Makaten Sabda Dalem Gusti.

U. Sembah nuwun konjuk Gusti.

PILIHAN 2

Waosan Is 60:1-6

Kamulyaning Pangeran nyunari kowe.

L. Waosan saking Kitab Isaias

Ngadega, sumunara, awit pepadhangmu wis timbul lan kamulyaning Pangeran nyunari kowe. Galo pepeteng nglimputi donya lan lelimengan ngemuli para bangsa. Nanging cahyaning Pangeran wis sumunar, lan kamulyan Dalem wis katon nyata ing kowe. Para bangsa padha ndalidir marani pepadhangmu, para raja ngupaya sunaring cahyamu. Tumengaa lan sawangen kiwa tengenmu, saka ngendi-endi saka tanah manca tekane lan sing putri padha ditandhu bali. Nyawang kabeh iku kowe mesthi bungah lan atimu kepranan marga gambira. Awit bandha saka sabrang bakal dadi darbekmu, unta tanpa wilangan ngebaki wilayahmu, unta saka Mijan lan Efa. Saka Seba sing padha mara, nggawa emas lan dupa lan padha ngidung memuji Pangeran mahamulya. Makaten Sabda Dalem Gusti.

U Sembah nuwun konjuk ing Gusti

PILIHAN 3

Waosan Dan 12:1-3

Ing wektu iku umatmu bakal pinaringan slamet.

L. Waosan saking Kitab Wewecan Danièl.

Pangeran ngandika marang Danièl mangkéné, "Ing wektu iku bakal muncul Mikael, sénapati agung, kang bakal ngayomi putra-putrané bangsamu. Awit bakal ana jaman ontran-ontran, kang durung tau kelakon wiwit dumadining bangsa nganti saat iku. Nanging ing wektu iku bangsamu bakal pinaringan slamet, yaiku sapa baé sing jenengé tinulis ing kitab. Lan sing padha lerem ing lebuning bumi, akèh sing bakal padha tangi, sapérangan nampa urip langgeng, liyané nampa kanisthan langgeng sing nggegirisi. Déné wong-wong sing luhur bebudèné bakal sumunar kaya cahyaning cakrawala lan sing biyèn padha nenuntun marang kasunyatan, sunaré endah kaya lintang-lintang ing salawasé.

Makaten Sabda Dalem Gusti.

U Sembah nuwun konjuk ing Gusti

PILIHAN 4

Waosan Hbr 5:1-6

Kowé iku imam ing salanggengé saèmper Melkisédek.

L. Waosan saking Serat dhateng Umat Hibrani.

Para sadulur, saben imam agung iku dipilih saka antarané manungsa lan ditetepaké kanggo manungsa tumrap ing pangabdiné marang Allah, supaya misungsungaké caosan lan kurban krana dosa-dosané. Tumindaké kudu sarwa sabar marang sing kurang ajar lan nasar, awit ora luput dhéwé saka kasèkèngan. Dené wajibé ngunjukaké kurban, ora ngemungaké krana dosa-dosané dhéwé. Lan ora ana sing ndhaku pepangkatan iku, sajabané sing tinimbangan Allah kaya Harun, Samono uga Sang Kristus, ya ora ndhaku pangkat imam agung, nanging saka Panjenengané kang wus tau ngandika, "Kowé iku Putra-Ku; dina iki Kowé Dak-wiyosaké." Lan ana ing papan liya disebutaké, "Kowé iku imam ing salanggengé saèmper Melkisédek."

Makaten Sabda Dalem Gusti.

U. Sembah nuwun konjuk Gusti.

PILIHAN 5

Waosan- 1 Yoh 3:18-34

Mangkéné sing dadi dhawuh Dalem, yaiku supaya aku padha ngandel lan tresna-tinresnan.

L. Waosan saking Seratipun Kapisan Rasul Yohanes.

Putra-putraku, ayo padha tresna-tinresnan, nanging aja mung ana ing tembung utawa ing lambé, balik buktèkna ana ing pakaryan sing nyata. Marga saka iku aku padha mangerti yèn asal saka kasunyatan lan ngasorake ati ana ingarsa Dalem. Awit yèn swaraning ati ngadili aku lan ngasoraké ati, iku ateges Gusti Allah luwih agung tinimbang atiku sarta priksa ing samubarang. Para kinasih, yèn swaraning ati ora ngadili aku, aku luwih dhadhag anggoné ngarep-arep marang Allah. Apa baé sing daksuwun, bakal diparingake, awit aku padha netepi angger-angger Dalem lan nindakaké sing gawe rena Dalem. Dené sing dadi dhawuh Dalem yaiku: supaya aku padha ngandel marang Gusti Yésus Kristus, Putra Dalem, lan supaya aku padha tresna-tinresnan kaya sing didhawuhaké marang aku kabèh. Lan sapa baé sing netepi dhawuhing Allah, iku manunggal ing Allah lan Allah manunggal ing wong mau. Marga saka iku aku mangerti, yèn Allah manunggal ing aku karana Roh kang diparingaké aku.

Makaten Sabda Dalem Gusti.

U. Sembah nuwun konjuk Gusti.

PILIHAN 6

Waosan Sam 1:20-22.24-28

Samuel dicaosakeingarsané Pangéran kanggo ing salawasé.

L. Waosan saking Kitab Samuel ingkang kapisan.

Nalika samana Hana ngandheg lan nglairaké anak lanang, sing nuli dijenengi Samuel; awit ujaré, "Iki anggonku nyuwun marang Pangeran." Let setaun Elkana sakulawargané budhal perlu caos kurban taunan lan netepi prasetyané. Nanging Hana ora inèlu, awit kandhané, "Aku nggenteni, yèn bocahé wis disapih. Mengko bakal daketeraké, dakcaosaké ingarsané Pangéran lan karebèn ana ing kana kanggo ing salawasé." Bareng wis disapih, anaké diajak sowan menyang padalemaning Pangeran ing Silo karo nggawa sapi lanang umur telung taun, gandum sataker lan impes isi anggur. Nalika samana bocahé isih cilik. Sapiné lanang nuli dikurbanaké lan ibuné bocah mau nuli sowan Héli. Aturé, "Kepareng marak, Sesembahan! Demi sugeng paduka, kula punika pawestri ingkang rumiyin sowan ingarsaning Pangéran celak ngriki. Inggih anak punika ingkang rumiyin kula suwun, lan Pangéran maringi ingkang dados panyuwunan kula. Samangké gentos kula caosaken laré punika ingarsaning Pangéran. Salaminig gesangipun kula sumanggak-aken ingarsa Dalem Pangéran." Nuli padha sujud manembah Pangeran.

Makaten Sabda Dalem Gusti.

U Sembah nuwun konjuk ing Gusti